

**Byenvini
nan Mond Lan:
Yon Rezime sou
Pitit Ou k ap Grandi**

GROW TO 5

2003



Byenvini nan Mond Lan, Jèn Timoun yo.

Se pou solèy briye sou nou ak...
moun ki konsistan lan ba nou swen, ki aji korèkteman ak
jantiyès ak ti bebe, ti-piti yo, ak ti moun yo... ki ba nou
chans pou nou apran nouvo abilite epi devlope kreyativite...
estimulation atravè mizik, liv aktivite ak ekskisyon...
ed espesyal pou bezwen espesyal...

Se pou dlo lapli benyen nou ak...
Yon fanmi ki renmen nou... yon environman trankil ki gen
sekirite, ki enstri e ki wè ti moun yo anvan... manje ki nourri...
repo, jwèt ak van fre... swen sante adekwat...
presyon libere de tout ak vyolans...
ki fèt ak yon men ki dous, amical e pozitif...

Byenvini lan *Grow to 5*, a tout fanmi ak enstriktè pou ti moun ba zaj yo,

Livrè sa a fèt pou li ede w pandan w ap viv epi travay ak ti moun ki fenk fèt rive laj 5 kan. Li rekonèt e li bat bravo pou engajman ou pran lan swen ak edikasyon ou bay ti moun. Ositou, li adopte senplisite fondanatal ak kompleksite ki ap boujonnen lan lavi yon jèn moun.

Bi nou genyen ansanm, se pou nou bay tout ti moun yo yon anvironman kote yo ka jwenn swen e ki founi pi bon mwayen pou yo grandi e devlope. Tout nouvo rechèch ki fèt sou devlopman sèvèl ti moun kore sa paran ak edikatè ti moun konnen depi lontan: Ti moun ki elve lan yon anvironman ki chaje ak lanmou, kote yo pouse li jantiman, ki stab, ti moun sa yo ap aprann plis, pi vit ke ti moun ke yo neglije osinon ti moun yo ap pouse ak vyolans lan yon fason negatif.

Lè yo kreye yon anvironman ki plen lanmou, fanmi yo ankouraje ti moun yo pou yo devlope sèten aspè ki va ede yo pou yo reyisi lan lekòl, epi pou yo vini de gran moun ki remèt anpil. Aspè ti moun yo bezwen pou yo pare pou ale lekòl, yo rezime lan livrè ki rele 'Head Start: The Emotional Foundations of School Readiness' (Zero to Three, 1992). Aspè sa yo se:

- ✓ konfyans lan abilite li ak gran moun ki antoure li lan anvironman ki fè ti moun lan lib pou li aprann epi chèchè lòt defi.
- ✓ kiryozi ak yon anvi pou li aprann lòt bagay.
- ✓ entansyonalitye, osinon volonte pou li rive pèfòme nouvo bagay
- ✓ kontwòl tèt li ak kapabilite pou li kontwòl konpòtman li
- ✓ yon sans kòm etan li fè pati gwoup ki lan anvironman an
- ✓ kapabilite pou li kominike, epi pataje panse ak lide
- ✓ kolaborasyon ak abilite pou travay ak jwe byen ak zòt.

Fanmi ak edikatè devlope aspè sa yo lan ti moun lè yo ankadre yo ak:

- ★ yon fanmi ki gen lanmou
- ★ yon anvironman ki bay sekirite ak lanmou e ki mete ti moun anvan
- ★ manje ki nitritif ak ase repo, ak tan pou jwe ak lè
- ★ swen sante adekwat
- ★ moun ki bay swen ak jantiyès e ki koute epi aji kòm sadwa ak ti bebe, ti piti yo, ti moun, ak sa ki poko ale lekòl
- ★ ase tan pou yo aprann nouvo kapabilite, epi devlope abilite ak kreyativite
- ★ anvironman san presyon ou vyolans
- ★ yon men ki positif, dous, chaje ak lanmou
- ★ stimilasyon apwopriye atravè mizik, liv, aktivite ak ekskizyon
- ★ Ed espesyal pou bezwen espesyal.

Bay ti moun yo yon anvironman ki rich pa vle di achte anpil jwèt ki koute chè, fè l jwenn leson espesyal ou byen aprann ti moun lan li anvan li ale lan jaden danfan. Pito, sa mande lanmou, epi prete atansyon, pasyans ak enterè. Sepandan, li toujou bon pou gen yon lide sou devlopman ti moun an bazaj ak enfòmasyon sou aktivite ki ede ti moun lan sèten period lan devlopman yo. Se sa livrè sa a ki rele, *Byenvini nan Mond Lan: Yon Rezime sou Pitit ou ki ap Grandi*, sipoze ofri.

Byenvini nan Mond Lan ba w yon apèsi sou devlopman nòmal yon ti moun, soti lan nesans li, rive lan 60 mwa (5 kan) laj. Chak seksyon lan livrè a bay ekzanp konpòtman ki tipik pou ti moun ki an devlopman, depandan nivo yo (pa ekzanp, soti nesans rive 3 mwa laj). Konpòtman yo gwoupe lan 4 kategori: konpetans pèsònèl ak sosyal, konpetans langaj ak konpreyansyon, kapablite ti misk ak gwo misk.

Chak seksyon bay sijesyon sou aktivite ki apwoprye pou yon gran moun kapab fè ak yon ti moun ki lan nivo devlopman sa a. Le moman moun lan konnen ki sa ki ta kapab enterese ti moun lan, e ki pwochen bagay ti moun lan kapab rive fè, lè sa a li pi fasil kapab aji e jwe ak ti moun nan. Menm jan an, lè moun lan konnen ki sa ti moun lan poko pare pou li fè, sa va anpeche moun lan atann li aske ti moun lan va reponn lan jan ki poko posib pou ti moun lan.

Li enpòtan pou sonje ke malgre tout ti moun swiv menm desen lan grandi yo, yo tout pa devlope a menm rapidite a. Yo diferan lan jan yo aprann, lan enterè yo, e jan yo reyaji a sèten sityasyon. Ositou, devlopman yon ti moun kapab pa konsistan. Yon ti moun kapab devlope kapablite lan gwo misk, tankou li ka kanpe e mache, men, li pa kapab, pou kèk mwa, devlope deksterite pou fè mouvman rafine. Epi, devlopman gwo misk yo kapab ralenti tandiske abilite langaj li devlope rapid. Etandone tout ti moun pa menm epi yo devlope a diferan rapidite, livrè sa a dwe sèvi sèlman kòm yon gid jeneral.

Sizoka ou ta gen keksyon sou devlopman yon ti moun, konsilte ak yon doktè, enfimyè, edikatè pou ti moun piti oubyen lòt pwofesyonèl kalifye, sinon rele yon lan kontak sa yo.

Pou ti moun ki fenk fèt rive 36 mwa (3 zan)

Kontakte 'Early Intervention Program (EIP)' ki local pi pre w. EIP a kapab fè de fason pou ti moun ki pap devlope nòmalman pou yo ta wè ak pwofesyonèl apwoprye, gratis. Pou jwenn telefòn EIP ki pi pre w la, rele Depatman la Sante LaFlorid, Sèvis Medikal pou Ti Moun **(850-487-2690)**.

Pou ti moun laj, soti 3 zan rive 5 kan

Kontakte espesyalis 'Child Find' ki local pou ou. 'Child Find' asosye ak depatman pou edikasyon etidyan eksepsyonèl lan lekòl piblik LaFlorid ak 'Florida Diagnostic and Learning Resources System (FDLRS)'. Espesyalis 'Child Find' lan kapab fè de fason pou ti moun ki pap devlope nòmalman pou yo ta wè gratis ak pwofesyonèl apwoprye. Pou jwenn telefòn espesyalis 'Child Find' ki pi pre w, rele lekòl piblik ou byen sant FDLRS bò lakay ou, oubyen Depatman Edikasyon LaFlorid **(850-245-0478)**.

Pou ti moun ki fenk fèt rive 5 kan

Pou rive jwenn lis telefòn pou 'Early Childhood Services' (Lis Santral la) rele (1-800-654-4440). Telefòn sa a gratis, li bay aksè a enfòmasyon ak referans pou ti moun ki gen dizablite osinon swen sante espesyal

Lis Santral
1-800-654-4440

PLIS POU LI, PLIS POU WÈ

Materyèl ki liste anba la a bay enfòmasyon sou devlopman ti moun. Ou ka jwenn anpil lan yo lan libreri ak bibliyotèk. Pou plis enfòmasyon sou ki jan pou jwenn resous sa yo, rele 'Clearinghouse Information Center' lan 850-245-0477 pou yo ba w telefòn sant FDLRS ki pi pre w.

- ★ Allen, K. E., & Schwartz, I. S. (1997). *The exceptional child: Inclusion in early childhood education* (3d ed.) Albany, NY: Delmar.
- ★ Bailey, B. (1996). *I love you rituals*. Oviedo, FL: Loving Guidance.
- ★ Bailey, B. (1997). *There's gotta be a better way: Discipline that works!* Oviedo, FL: Loving Guidance.
- ★ Brazelton, T. B. (1992). *Touchpoints: The essential reference-Your child's emotional and behavioral development*. Reading, MA: Addison-Wesley
- ★ Eisenberg, A., Murkoff, H. E., & Hathaway, S. E. (1989). *What to expect: The first year*. New York: Workman.
- ★ Eisenberg, A., Murkoff, H. E., & Hathaway, S. E. (1994). *What to expect: The toddler years*. New York: Workman.
- ★ Florida Department of Education. (1998). *Sunrise skill builders: You are your child's first teacher: From birth to 5 years of age*. Tallahassee: Author.
- ★ I Am Your Child Foundation. (1997). *I am your child: The first years last forever*" [CD-ROM]. Beverly Hills, CA: Author.
- ★ I Am Your Child Foundation. (1997). *I am your child: The first years last forever*" [Video]. Beverly Hills, CA: Author.
- ★ I Am Your Child Foundation. (1997). *Soy tu hijo: "Los primeros años marcan para siempre"* [Spanish language video]. Beverly Hills, CA: Author.
- ★ Lally, J. R., Griffin, A., Fenichel, E., Segal, M., Szanton, E., & Weissbourd, B. (1995). *Caring for infants and toddlers in groups*. Arlington, VA: Zero to Three.
- ★ Robert R. McCormick Tribune Foundation. (1997). *Ten things every child needs* [Video]. Chicago: Author.
- ★ Segal, M. (1998). *In time and with love: Caring for the special needs baby*. New York: Newmarket.
- ★ Segal, M., & Masi, W. (1998). *Your child at play: Birth to one year—Discovering the senses and learning about the world*. New York: Newmarket.
- ★ Segal, M., & Masi, W. (1998). *Your child at play: One to two years—Exploring daily living, learning, and making friends*. New York: Newmarket.
- ★ Segal, M., & Masi, W. (1998). *Your child at play: Two to three years—Growing up, language, and the imagination*. New York: Newmarket.
- ★ Segal, M., & Masi, W. (1998). *Your child at play: Three to five years—Conversation, creativity, and learning letters, words, and numbers*. New York: Newmarket.
- ★ Shore, R. (1997). *Rethinking the brain*. New York: Families and Work Institute (I Am Your Child Campaign.)
- ★ Zero to Three. (1992). *Heart start: The emotional foundations of school readiness*. Arlington, VA: Author.

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Ti bebe a tete manman l, oubyen souse tetin
- ✓ Li vin alèz ak son ki dous e kalm
- ✓ Li souri lè li wè yon granmoun souri
- ✓ Li gade figi moun ki ap pale ak li a
- ✓ Li fè diferans ant moun ki okipe l tout tan an ak lòt moun.
- ✓ Li pantan e li krye lè yon bri sibat fèt

Aktivite Pou Fè

- ★ Tout tan pou bay ti bebe a yon environman ki trankil e sen-e-sof.
- ★ Ba li tete ou byen kenbe l pre lè l ap pran bibewon.
- ★ Kenbe ti bebe a souvan, koke l e bibewon karese l.
- ★ Souris a ti bebe a. Gade l lan je.
- ★ Pann jwèt sou bèso li a. (Retire yo anvan li apran chita.)
- ★ Chante chante ti bebe pou li epi jwe mizik ki kalman.
- ★ Pale ak yon vwa ki kalm e apezan.

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Ti bebe a montre li grangou osinon li vle tete lè li fè bri enpasyans, mete lang li deyò, fè mouvman tete ak bouch li, oubyen lòt mouvman ak bouch li
- ✓ Li montre li eksite anvan li manje ak lòt routin nòmal
- ✓ Li eksprime bezwen li lè li krye ak fè lòt bri
- ✓ Li gazouye e li roukoule
- ✓ Li reponn lè li tande yon chacha

Aktivite Pou Fè

- ★ Pale ou chante pou ti bebe a pandan l ap manje, tete, chanje kouchèt, benyen, ak lòt lè lan jounen an.
- ★ Fè diferan son pou ti bebe a (mizik dous, chacha, zwazo ki ap chante, radyo, cloch).
- ★ Imite son ti bebe a fè.
- ★ Lè w pale ak li, bay ti bebe a chans pou li repon.
- ★ Koute epi swiv ti bebe a pou konnen lè li ap ba w yon endikasyon.
- ★ Repon a endikasyon ti bebe a.

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Ti bebe a swiv yon objè ak je l
- ✓ Li gade yon objè li kenbe lan men l
- ✓ Li eseye kenbe dwèt yon gran moun
- ✓ Li kenbe yon objè pou kèlke segond
- ✓ Li souse byen

Aktivite Pou Fè

- ★ Pann yon objè devan ti bebe apou li ka wè e eseye pran
- ★ Bay ti bebe a diferan materyo pou li touché (twal sèvyèt, ti bèt vivan ak ti bèt an poupe, zèb, tapi, moso bwa ki lis).
- ★ Mete yon objè (dwèt ou, chacha) lan men ti bebe a pou fè l kenbe

ABILITE GWO MISK

- ✓ Ti bebe a leve tèt li pandan l kouche sou vant li.
- ✓ Li leve tèt li lè li chita sou bra w
- ✓ Li komanse ap lonje men pou l pran yon objè
- ✓ Li vire tèt li otomatikman sou yon bò lè li kouche
- ✓ Li fè mouvman ak bra li, ak janm li

Aktivite Pou Fè

- ★ Pandan ti bebe a sou vant li, pann de objè nwa-e-blan osinon ak koule vif devan li pou ankouraje l leve tèt li
- ★ Pa mete ti bebe a dòmi sou vant. Dòmi sou do pi sof, menm pou yon tikabicha.
- ★ Kenbe ti bebe a chita sou bra w, sipòte tèt li ak kou li lè l bezwen sa, pou ti bebe a kapab vin kenbe tèt li dwat.
- ★ Pou ankouraje li pou l chita, mete ti bebe a lan kwen yon divan (anaba sipèvizyon).
- ★ Pandan li ap benyen, ede ti bebe a frape dlo a, epi fè mouvman ak bra li, ak janm li.

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Ti bebe a souri spontaneman
- ✓ Li lonje men bay moun li konnen
- ✓ Li komanse chwazi jwèt
- ✓ Pou li konfòte tèt li, li komanse souse (dwèt) ou byen jwe ak lenn li ou beyn yon lòt objè.

Aktivite Pou Fè

- ★ Bay ti bebe a yon anvironman ki kalm e sòf.
- ★ Pèmèt li gen yon tan pezib.
- ★ Kontinye reponn rapid lè li ap krye pou ba li sa li bezwen.
- ★ Fè masaj pou bra, do ak janm ti bebe a, soti anwo rive anba.
- ★ Gade ti bebe a lan je.
- ★ Jwe 'koukou-apali' ak ti bebe a.
- ★ Kite ti bebe a wè tèt li lan miwa.
- ★ Chante ti chante fasil pou ti bebe a, epi ede li fè mouvman ak men li lan kadans mizik la.
- ★ Reponn ak kontantman lè ti bebe a souri ou gazouye.
- ★ Charye jan ti bebe a fè figi l.
- ★ Bay ti bebe a yon chans pou li koresponn ak frè, ak sè, ak lòt ti moun.

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Rele ak ri
- ✓ Bredouye (tankou ti bebe a ap di: "goo, ga")
- ✓ Li ap fè eksplorasyon, tankou li mete objè lan bouch li
- ✓ Li ap fè eksperyans ak mo ki pa fè sans (tankou "goo-ah")
- ✓ Li komanse reponn lè yo rele non li: li sote oubyen li vire gade
- ✓ Li montre preferans, tankou lè li lonje men oubyen li repouse

Aktivite Pou Fè

- ★ Sekwe chacha bò kot tèt li pou ankouraje ti bebe a vire pou l gade.
- ★ Pale ak ti bebe a pandan w ap fè travay routin.
- ★ Koute son ti bebe a fè epi charye li, tann pou wè jan li reponn a son pa w la.
- ★ Pandan li chita sou janm ou, li yon liv ki gen foto pou ti bebe a; lonje dwèt sou objè lan foto a, epi di non objè yo.
- ★ Lonje dwèt sou objè lan chanm ti bebe a, epi di non objè yo.

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Ti bebe a ranmase epi li kenbe yon chacha
- ✓ Ti bebe a ap mòde bra li, oubyen yon jwèt, oubyen presk tout lòt bagay
- ✓ Li kenbe e jwe ak yon jwèt ak 2 men li an menm tan
- ✓ Li komanse pase objè soti lan yon men ale lan lòt
- ✓ Li kenbe objè ak dwèt li kont pla men li

Aktivite Pou Fè

- ★ Mete yon objè (chacha, dwèt ou) lan men ti bebe a, epi rale li pou ankouraje ti bebe a pou li kenbe objè a.
- ★ Ede ti bebe a kenbe yon jwèt ki sòf lan 2 men li pou ankouraje li deplase objè a soti yon men ale lan lòt la.
- ★ Ede ti bebe a ranmase objè ki sòf (tankou blòk plastic, diferan fòm).

ABILITE GWO MISK

- ✓ Li lonje men l pou pran objè
- ✓ Mete yo lan bouch li
- ✓ Vire soti sou do pou kouche sou yon bra
- ✓ Vire soti sou vant ale sou do, epi tounen sou vant
- ✓ Lè li sou vant, li pouse leve ak bra li
- ✓ Kenbe tèt li dwat e fèm san sipò
- ✓ Shoute objè ak pye li

Aktivite Pou Fè

- ★ Mete ti bebe a kouche sou vant sou yon sifas sòf (tapi, kouvèti), epi pann jwèt ki brye devan li pou li ka eseye pran oubyen woule pou ale pran li. Pa mete ti bebe a dòmi sou vant.)
- ★ Mete yon mobil (jwèt ki pann) sou bèso a pou ti bebe a shoute. Deplase janm li pou montre li. (Retire mobil la anvan ti bebe a kapab chita.)
- ★ Bay ti bebe a ti biswit ti bebe pou li kenbe epi souse.
- ★ Kenbe ti bebe a anba bra l, epi pèmèt li kanpe pandan w ap sipòte l. (Pa janm kenbe yon ti bebe anba bra oubyen men li.)
- ★ Mete jwèt ti bebe a pi renmen yon ti jan lwen li pou ankouraje ti bebe a pou li woule.

SOTI 3 MWA RIVE 6 MWA

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Ti bebe a souri lè li wè tèt li lan miwa
- ✓ Li renmen jwe 'koukou-apali' ak lòt jwèt
- ✓ Li fikse ak yon sèl jwèt oubyen yon objè li renmen
- ✓ Li komanse vin pè etranje

Aktivite Pou Fè

- ★ Bay ti bebe a yon anvironman ki trankil e sòf.
- ★ Evite son ki vyolan ou fache.
- ★ Koke e karese ti bebe a souvan.
- ★ Souris lè w ap pale ak ti bebe a.
- ★ Jwe 'koukou-apali', ak lòt jwèt.
- ★ Kite ti bebe a jwe devan yon miwa ki an sekirite.
- ★ Lè w fè ti bebe a fè konesans ak yon moun, ba l tan pou l vinn abitye ak moun la pandan w la.
- ★ Jwe ak ti bebe a pandan aktivite nòmal (chanje kouchèt, benyen, abiye).

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Li komanse ap charye son li tande
- ✓ Li jwenn yon jwèt ki te kache anba yon twal
- ✓ Reponn a non li (li gade, souri, vire tèt, lonje men)
- ✓ Eseye pale lè li pou kont li.
- ✓ Li pale anpil
- ✓ Li rekonèt non 1 ou 2 moun (tankou mama, papa)

Aktivite Pou Fè

- ★ Gade foto ak ti bebe a. (Evite kite ti moun piti gade televizyon.)
- ★ Chante yon chante pou ti bebe a.
- ★ Jwe lago-kache ak jwèt yo anba yon twal.
- ★ Itilize diferan ton vwa pou montre ou apwouve oubyen pa apwouve, kontantman ak lòt emosyon.
- ★ Charye jan ti bebe a pale.
- ★ Nonmen non moun lè w ap pale ak yo.

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Li kenbe biswit ou lòt manje sòf epi li mete l lan bouch li
- ✓ Li rasanble ti objè piti
- ✓ Li kenbe objè ak pous li ak 2 lòt dwèt

Aktivite Pou Fè

- ★ Pèmèt ti bebe a ranmase manje ki sòf (sereyal sèk, biswit sèk) pou l mete lan bouch li.
- ★ Kite ti bebe a jwe ak jwèt ki fèt ak twal, katon ou plastik.
- ★ Bay ti bebe a jwèt piti pou li ranmase - men asire w yo twò gwo pou li ta ka vale.

ABILITE GWO MISK

- ✓ Li chita pou kont li pou yon ti bout tan
- ✓ Li kapab ap ranpe ou ap rale
- ✓ Li kenbe men yon gran moun oubyen yon mèb pou li kanpe
- ✓ Li rete kanpe lè li kenbe men yon gran moun oubyen yon mèb
- ✓ Li balanse devan-dèyè lè li sou men ak jenou li
- ✓ Li jwe ak pye l lè li kouche sou do

Aktivite Pou Fè

- ★ Pale ak ti bebe a pandan w kenbe yon jwèt li renmen pou ka ankouraje li kanpe.
- ★ Mete yon jwèt li renmen yon ti jan lwen pou ankouraje ti bebe a rale.
- ★ Pèmèt ti bebe a kanpe, pandan li kenbe yon mèb.
- ★ Bay ti bebe a anpil plas pou li ka rale e explore (anba sipèvisyon).
- ★ Ranje kay la pou elimine tout danje posib pou ti bebe a

SOTI 6 MWA RIVE 9 MWA

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Ti bebe ka wè lè li pa konnen yon moun
- ✓ Li rale rad yon gran moun oubyen lonje men pou attire atansyon li
- ✓ Li komanse bwè lan goblè
- ✓ Li montre afeksyon
- ✓ Li komanse souri lè li rive fè yon bagay

Aktivite Pou Fè

- ★ Evite vyolans ak kòlè lan kay la, lan televizyon oubyen videyo.
- ★ Pale ak vwa kalm pou mete ti bebe a alèz.
- ★ Kite ti bebe a chita ak fanmi a lè nou ap manje.
- ★ Jwe jwèt men ak ti bebe a.
- ★ Kite ti bebe a kenbe yon tas ak yon ti kal likid ladan l pou li eseye bwè. (Li ap pi fasil pou li si tas la genyen yonn goutyè.)
- ★ Koke ti bebe a souvan, epi bo li.
- ★ Lè ti bebe a lonje men pou li monte sou ou, pran l, epi koke l.
- ★ Lè ti bebe a kontan yon bagay li fè, souri epi koke l.

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Ti bebe a fè 'babay'
- ✓ Li reponn lè w di "non-non"
- ✓ Li reponn a keksyon (tankou "Ou vle plis ji?") ak jès li fè, ak ekspresyon figi l ak lonje men sou ou
- ✓ Li sekwe tèt li pou l di "non"
- ✓ Li rekonèt non ki fanmiye (manman, papa, boul, bonbon)
- ✓ Li gade foto ki lan liv
- ✓ Li renmen chante ti bebe ak pwezi

Aktivite Pou Fè

- ★ Fè yon poupe ak yon chosèt, epi fè kòm si poupe a ap pale ak ti bebe a.
- ★ Li yon kont pou ti bebe a, chante yon chante ti bebe.
- ★ Ede ti bebe a gade albòm foto fanmi a ak koleksyon memwa.
- ★ Lonje dwèt sou objè epi nonmen yo.
- ★ Koute sa ti bebe a di epi reponn li.
- ★ Pale sou aktivite w ap fè pandan w ap fè yo ak ti bebe a osinon tou pre li.
- ★ Mande keksyon ki simp ("Èske w vle yon bonbon?").
- ★ Di "non-non" sèlman lè w serye, epi pa chanje lide w.

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Li kenbe bibwon li oubyen yon tas ak goutyè
- ✓ Li ranmase ti objè ak pous li ak yon lòt dwèt
- ✓ Li itilize 2 men ansanm (li ranmase yon tas, oubyen li frape 2 blòk ansanm)
- ✓ Li bat men
- ✓ Li fè ekspre pou li kite yon objè tonbe
- ✓ Li bay tèt li manje (sereal sèk, biswit, moso fwi)

Aktivite Pou Fè

- ★ Montre ti bebe a ki jan pou l tase blòk oubyen bwat yon sou lòt.
- ★ Kite ti bebe a jwe ak mamit ki pap kase.
- ★ Ede ti bebe a mete objè lan yon vesò.
- ★ Bay ti bebe a bwat vid diferan gwosè pou li jwe
- ★ Bay ti bebe a sereal sèk pou li bay tèt li manje. (Pa ba li rezen, pistach, hotdog, pòpkòn ak lòt manje ki ka fè'l toufe.)

ABILITE GWO MISK

- ✓ Soti pozisyon kouche, li vire chita
- ✓ Soti kanpe, li chita
- ✓ Li mache ak asistans
- ✓ Li kanpe pou kont li
- ✓ Li frappe 2 jwèt ansanm

Aktivite Pou Fè

- ★ Jwe yon jwèt pou li kapab imite w: kanpe/chita/kouche
- ★ Ede ti bebe a mache ak asistans, ositou san asistans
- ★ Kite ti bebe a 'flote' - mache pandan li ap kenbe mèb pou sipò. (Asire w sektè a pa prezante okenn danje pou ti bebe a.)
- ★ Frappe de objè ki mou, epi ankouraje ti bebe a pou li fè menm bagay la.
- ★ Imite aksyon ti bebe a.
- ★ Woule yon boul bay ti bebe a, epi ankouraje li pou l woule bou la tounen ba ou.

SOTI 9 MWA RIVE 12 MWA

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Ti bebe a kontan lè moun bat men
- ✓ Li demontre afeksyon ak simpati pou lòt moun
- ✓ Li jwe jwèt pouswiv ak kache
- ✓ Li jwe boul ak lòt jwèt ak yon gran moun
- ✓ Li montre sa l vle ak jès, oubyen li di l ak bouch li
- ✓ Li montre li attaché a yon objè ki pou li (tankou yon jwèt oubyen yon lenn)
- ✓ Li komanse aprann abilite pou li vin endepandan (li retire rad sou li, li itilize yon fouchèt ou kiyè)
- ✓ Li montre enkyetid lè paran li ap sòti

Aktivite Pou Fè

- ★ Bay ti bebe a yon environman ki trankil e sòf.
- ★ Chante pou ti moun lan.
- ★ Fè chante ki pale sou routin chak jou yo.
- ★ Bay ti moun lan yon ti sèvyèt, epi ankouraje li pou l 'lave' yon poupe, koke li, epi fè beze pou poupe a.
- ★ Pèmèt ti moun lan abiye pou kont li.
- ★ Pèmèt ti moun lan bay tèt li manje ak yon kiyè.
- ★ Mande ti moun lan montre jan li gran (ede l leve men li wo).
- ★ Mennen ti moun lan sòti (yon zou, yon pak) epi pale sou sa ou wè ak sa w fè ak li.
- ★ Ede ti moun lan konprann, malgre ou ka ale kite li, w ap toujou tounen.

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Li lonje dwèt sou pati lan kò (tèt, pye), lè yon moun nonmen pati sa yo
- ✓ Li komanse nonmen non pati kò yon moun
- ✓ Li lonje dwèt sou divès objè oubyen foto lè yon moun nonmen yo
- ✓ Li swiv direksyon ki simp ("chita", "an ale")

Aktivite Pou Fè

- ★ Ankouraje ti moun lan pou li repete mo ki familye.
- ★ Pandan ti moun lan ap benyen ou ap abiye, nonmen non pati lan ko l, epi ankouraje l pou li repete yo.
- ★ Gade foto ki lan yon liv ak ti moun nan, epi ede li nonmen objè ki lan foto yo.
- ★ Itilize jwèt ki reponn ak yon aksyon (ti-kloun lan bwat, 'busy-box').
- ★ Chante menm chante ti moun pou li, plizyè fwa.
- ★ Fè jwèt ki itilize dwèt pandan w ap chante pou ti moun lan.

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Li bay tèt li manje ak yon kiyè
- ✓ Li eseye ekri majigridi sou papye
- ✓ Li tase ti objè yon sou lòt
- ✓ Li mete 2 ou 3 blòk yon sou lòt

Aktivite Pou Fè

- ★ Jwe jwèt ak blòk (Tase yo yon sou lòt, epi fè yo tonbe).
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li fè desen oubyen ekri ak yon kreyon oubyen yon makè ki ka lave ak dlo.
- ★ Pouse, peze epi jwe ak yon ti boul ki fèt an eponj oubyen ak yon ti sak-a-pwa.
- ★ Ankouraje ti moun lan pou l bay tèt li manje ak yon kiyè.

ABILITE GWO MISK

- ✓ Li mache pou kont li
- ✓ Li voye yon boul
- ✓ Li chita sou yon chèz
- ✓ Li bese pou li ranmase yon objè

Aktivite Pou Fè

- ★ Kenbe men ti moun lan pandan l ap monte eskalye.
- ★ Pèmèt ti moun lan mache epi eksplòre otan posib, men toujou anba sipèvizyon.
- ★ Bay ti moun lan jwèt pou li rale oubyen pouse.
- ★ Woule oubyen voye yon boul oubyen yon sak-a-pwa bay ti moun lan pou l jwe.
- ★ Bay ti moun lan ti mèb pou li jwe. Ou ka itilize bwat oubyen eskabo.
- ★ Woule yon gwo boul bay ti moun lan, mande li pou li woule li ba ou.

SOTI 12 MWA RIVE 18 MWA

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Ti bebe a renmen moun li pou li
- ✓ Li montre endepandans li lè li mete rad sou li, manje pou kont li, lave ak siye men li.
- ✓ Li kirye epi li 'lan tout bagay'
- ✓ Li genyen yon relasyon espesyal ak chak paran oubyen moun ki okipe li.
- ✓ Li renmen jwe akote yon lòt ti moun, men li pa chache aji ak li
- ✓ Li renmen touché ak koke
- ✓ Li ka montre la perèz lè li vinn separe ak moun ki okipe li

Aktivite Pou Fè

- ★ Ankouraje jwèt ki dous, dekouraje jwèt ki vyolan
- ★ Ankouraje ti moun lan pou l abiye ak dezabiye pou kont li
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li ede ak travay lan kay la (mete sèvyèt papye sou tab, ranmase jwèt ki atè, mete yo lan plas).
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li itilize ni kiyè ni fouchèt.
- ★ Bay ti moun lan tan pou li vin abitye ak nouvo sityasyon, ak nouvo moun ki ap okipe li.
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li jwe tou pre lòt ti moun, ba yo tou 2 menm jan jwèt pou yo jwè.
- ★ Kenbe fèm sou ekspektasyon ak disiplin (pa change "non" pou "wi" sèlman paske ti moun lan fè kòlè.)
- ★ Montre w enterese lan jwèt ti moun lan ap fè.

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Li chwazi pami jwèt li genyen pou li jwe
- ✓ Li charye jan yon lòt ti moun jwe
- ✓ Li komanse poze keksyon
- ✓ Li ap mete 2 ou plis mo ansanm ("Ale deyò", "leve kanpe")
- ✓ Li mande pou yon bagay an patikilye (boul, poupe, bonbon)
- ✓ Li swiv direksyon ki gen 1 etap ou 2 etap

Aktivite Pou Fè

- ★ Bay ti moun lan direksyon ki simp pou li swiv. ("Ale pran soulye w.")
- ★ Jwe yon jwèt simp tankou 'Simon Di'.
- ★ Li pou ti moun lan 5 a 10 minit chak jou; devlope abitid pou li anvan l ale dòmi.
- ★ Pa pèmèt ti moun lan gade televizyon ou pwogram sou videyo. Si ti moun lan gade televizyon, gade ak li, epi pa pèmèt li gade pwogram ki gen vyolans oubyen sèks.
- ★ Bay ti moun lan repons ki simp a keksyon li yo.
- ★ Kòm etikèt, mete foto jwèt sou bwat jwèt

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Li fè majigridi epi li trase trè ki simp (vètikal, orizontal, won)
- ✓ Li retire chosèt li ak soulye l
- ✓ Li defèt bagay, epi li remete yo ansanm ankò

Aktivite Pou Fè

- ★ Ede ti moun lan mete divès objè lan yon veso atravè yon ouvèti, epi vide veso a.
- ★ Bay ti moun lan ti bwat diferan gwosè ak diferan mezi pou li ranje anòd.
- ★ Pèmèt ti moun fè desen ak pudin.
- ★ Bay ti moun lan lakre, kreyon, penti ak bros pou li ka ekri sou twotwa a, sou gwo papye ou yon journal.
- ★ Pèmèt ti moun lan jwe ak ajil ou byen ak savon pou fè labab.
- ★ Bay ti moun lan papye pou li chire.

ABILITE GWO MISK

- ✓ Li sote anlè sou 2 pye l
- ✓ Li vire kò li sou kadans mizik
- ✓ Li monte e desann eskalye ak asistans
- ✓ Li kouri
- ✓ Li eseye shoute yon boul

Aktivite Pou Fè

- ★ Pandan w ap sote, kenbe men ti moun lan pou ede l aprann sote sou 2 pye .
- ★ Koute lè mizik ap jwe, vire won, bat men, danse ak ti moun lan.
- ★ Fè kous ak li sou yon sifas ki dous (gazon, tapi).
- ★ Jwe foutbòl ak li.

SOTI 18 MWA RIVE 24 MWA

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Ti bebe di "Mwen renmen w"
- ✓ Li aji ak lòt ti moun, li jwe ak yo
- ✓ Li di lè li bezwen ale lan twalèt
- ✓ Li kontinye devlope konpetans ak endepandans lan abilite pèsonèl (bwose dan, manje, abiye)
- ✓ Li ede ranmase jwèt li yo, epi li mete yo an plas

Aktivite Pou Fè

- ★ Kontinye ba li konfò ak yon environman ki trankil e sòf.
- ★ Fè louwanj pou ti moun lan lè li fè konnen li bezwen ale lan twalèt.
- ★ Jwe jwèt ki simp ak ti moun lan (lago kache, wond)
- ★ Ede ti moun lan jwe abiye kou gran moun.
- ★ Devlope entèraksyon espesyal, tankou yon ti satouyèt ou byen yon ti non jwèt.
- ★ Respekte ekspresyon ak endepandans ti moun lan, men ba li gid ak limit. (pèmèt ti moun lan pentire ak koulè dlo sou twotwa ou byen pewon, men pa sou mi ki andan kay la.)

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Li swiv direksyon a 2 tan ("Ranmase soulye w, mete yo lan plaka a.")
- ✓ Li patisipe lan konvèsasyon ki simp (Li reponn lè w mande l "Ki jan w rele?")
- ✓ Li reponn a keksyon 'ki sa' ki simp.
- ✓ Li itilize fraz ki gen 2 ou 3 mo ("Mwen vle ji".)
- ✓ Li komanse ap chwazi (ki chemiz pou mete, jwe andan kay ou deyò)
- ✓ Li poze anpil keksyon

Aktivite Pou Fè

- ★ Pèmèt ti moun lan pran ti desizyon limite (li chwazi ki sa pou l manje, chwazi yon pami 2 chemiz pou li mete).
- ★ Dirije ti moun lan pou li swiv direksyon ("Tan pri, ranmase poupe w la, epi mete l sou etajè a.")
- ★ Pale ak ti moun lan epi koute sa li di.
- ★ Li liv ki gen foto pou 10 minit chak jou, epi pale sou foto yo.
- ★ Montre li koulè dives objè lan foto yo.
- ★ Bay repons ki simp a keksyon ti moun lan mande.
- ★ Itilize foto ak non jwèt pou id

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Li itilize kyè ak tas pou kont li
- ✓ Li vire manch pòt pou louvri li
- ✓ Li rive fini yon jwèt pasyans (4 a 6 pyès)
- ✓ Li devise kouvèti boutèy
- ✓ Li tase 6 a 8 blòk jwèt yon sou lòt
- ✓ Li koupe papye ak sizo.

Aktivite Pou Fè

- ★ Bay ti moun lan ti jwèt pasyans ki simp.
- ★ Bay ti moun lan sizo ti moun pou li ka koupe papye.
- ★ Ba li sab, pudin ou penti pou li ka ekri ak dwèt li.
- ★ Ba li anpil veso ki gen kouvèti pou li louvri, epi fèmen.
- ★ Ba li yon bwat oubyen yon bous ak kwoche pou li fèt e defèt, ak konpatiman pou li louvri, ak lòt bagay pou ti moun lan manye.

ABILITE GWO MISK

- ✓ Li monte e li kondwi jwèt ki gen wou
- ✓ Li rale pòt louvri, fèmen
- ✓ Li monte eskalye pandan li kenbe balistrad la

Aktivite Pou Fè

- ★ Fè demwayen pou ti moun lan jwe ak lòt ti moun (lago, won).
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li pratike voye yon boul.
- ★ Pèmèt ti moun lan pratike kondwi yon bisiklèt 3-wou.
- ★ Montre ti moun lan ki jan pou li sote sou yon mak ki fèt ak lakre
- ★ Kouri ak ti moun lan lan yon local ki sen e sòf
- ★ Kite ti moun lan woule sou gazon ou byen lan sab.

SOTI 24 MWA RIVE 36 MWA (2 ZAN A 3 ZAN)

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Li komanse jwe ak lòt ti moun
- ✓ Li kite zòt jwe ak jwèt li epi li ede
- ✓ Li komanse fè sèn drama
- ✓ Li chèche konn limit ou (Lè gran moun di 'non', ti moun lan kontinye pou l wè si gran moun lan vreman vle di 'non')
- ✓ Li entèprete reyalyte lan jan pa l ("Mwen pap bay frè m lan ladan l, li pa renmen bonbon.")
- ✓ Li devlope sans pou li bay blag, rakonte istwa.
- ✓ Li ka devlope la perèz (fè nwa, dife, bèt)

Aktivite Pou Fè

- ★ Ba li yon anvironman ki trankil e sòf anba sipèvizyon.
- ★ Tabli yon sityasyon jwèt koroperatif (Shoute boul bay yon lòt, jwè ak yon lòt ti moun kòm kwa yo ap kwit manje epi sèvi li bay yon gran moun ou yon poupe).
- ★ Ede ti moun lan rezoud pwoblèm sosyal. ("Di li ou pa renmen...")
- ★ Eksplike ki konpòtman ki bon, ou atann pou li gen bon konpòtman touttan. ("Tan pri, mache akote m lè nou lan magazen an.")
- ★ Reponn ak kontantman lè ti moun lan bay yon blag.
- ★ Bay ti moun lan ase tan pou li abiye, fè twalèt, epi manje pou kont li.

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Li konpran konsekans yon aksyon
- ✓ Li komanse konpran konsèp tan
- ✓ Li vin konnen diferan koulè
- ✓ Li komanse klase epi gwoupe diferan objè (lan gwosè, fòm, koulè)
- ✓ Li pale ak ti fraz epi li mete fraz ansanm
- ✓ Li chante, li apran fè jwèt ak dwèt

Aktivite Pou Fè

- ★ Mete limit sou konpòtman epi eksplike pou ki sa. ("Li danje pou kouri lan lari a.")
- ★ Itilize mo ki apwoprye pou eksplike aksyon lan pase ak fiti (jodi a, demen, anvan, apre, pwochen).
- ★ Pandan w ap li pou ti moun lan, poze l keksyon sou istwa a.
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li kategorize epi matche dives objè pandan aktivite rutin ("Ki sa nou bezwen pou nou benyen?" "Kote nou mete fouchèt?" "Ki lòt bagay ou ka mete lan pye w?")
- ★ Apran ti moun lan chante ak jwèt li ka fè ak dwèt li.
- ★ Pale sou sekans evenman, di ki sa ki swiv.
- ★ Pèmèt li gen aksè a yon òdinatè ki gen logisyèl pou ti moun. Itilize li ansanm

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Li komanse desine moun ak bèt, ak tout tèt yo ak lòt pati lan kò yo.
- ✓ Li manye ajil ki pa toksik (pou li fè boul ak koulèv)
- ✓ Li tase blòk jwèt yon sou lòt, epi li bay sa li fè a yon non
- ✓ Li koupe ak sizo
- ✓ Li rive fini jwèt pasyans ki simp (6 a 8 pyès)

Aktivite Pou Fè

- ★ Ba li yon tab pou jwèt li yo (Jwèt pasyans, ti gren, blòk).
- ★ Ba li gwo fèy papye ki laj, san lyin.
- ★ Pèmèt ti moun lan pentire antre yon remiz ak penti adlo osinon ak dlo sèlman.
- ★ Bay ti moun lan divès bagay pou li ekri (bros, kreyon koulè, kreyon).
- ★ Pèmèt ti moun lan itilize materyèl yo pou kont li—pa pouse ti moun lan pou li 'fè' yon bagay.
- ★ Bay ti moun lan materyèl pou li manye (ajil ki pa toksik, savon labab, penti, sab).

ABILITE GWO MISK

- ✓ Li mache sou yon lyin
- ✓ Li balanse sou yon pye pou plizyè segond
- ✓ Li komanse ap sote sou yon pye
- ✓ Li voye boul ak yon men
- ✓ Li atrap ak 2 men li yon boul ki ap mate
- ✓ Li kondwi yon bisiklèt 3-wou pou kont li.
- ✓ Li itilize yon glisad pou kont li

Aktivite Pou Fè

- ★ Fè yon pis ak blokay pou ti moun lan manevre (pase sou chèz, anba tab).
- ★ Jwe 'atrap' ak yon boul ki dous, agrandi distans lan gradyèlman.
- ★ Jwe ak boul ak ti sak pwa divès grosè.
- ★ Fè yon pis pou bisiklèt 3-wou ak syin tankou syin rete, fenèt magazen.
- ★ Jwe "swiv lidè a", itilize de mouvman ki pa fasil.
- ★ Jwe mizik pou danse.

SOTI 36 MWA RIVE 48 MWA (3 ZAN A 4 ZAN)

ABILITE PÈSONÈL AK SOSYAL

- ✓ Li jwe ak lòt ti moun ak tout koroperasyon
- ✓ Li wè diferan wòl fanm ak gason (manman, papa) ak travayè lan kominote a (pompe, vandè)
- ✓ Li konpran limit epi li defini yo pou lòt moun
- ✓ Li respekte otorite malgre li teste limit yo
- ✓ Li patisipe lan jwèt an gwoup
- ✓ Li chwazi zanmi pa li
- ✓ Li sansib si yon moun takinen li
- ✓ Li renmen blag
- ✓ Li abiye, fè twalèt epi manje pou kont li

Aktivite Pou Fè

- ★ Ba li yon opòtinite pou li jwe wòl ak pretann (dekouraje jwèt vyolans).
- ★ Mete ti moun menm laj ansanm ou byen envite yon ti moun menm laj pou vin jwe pou ka ankouraje jwèt koroperatif.
- ★ Aprann ti moun yo jwèt ki simp ('leve, kouche', 'lago').
- ★ Pèmèt ti moun ede lan tabli limit ("Konbyen tou chak ti moun ap fè?")
- ★ Pèmèt ti moun lan devlope strateji pou rezoud pwoblèm sosyal ("Itilize mo, pa bay kou"; "Ki lòt bagay nou te ka fè?" "Ki sa ou ka di pwochen fwa a?")

ABILITE LANGAJ AK KONPREYANSYON

- ✓ Li poze keksyon pou li jwenn enfòmasyon (Pouki...?, Kouman...?)
- ✓ Li konprann routin epi li ka di ki sa ki premye rive ou pwochen rive lan yon sekans
- ✓ Li jwe ak mo langaj pou li keye de mo dwòl
- ✓ Li reponn keksyon sou istwa li tande, li ka repete istwa ak yon ti asistans
- ✓ Li mete fraz ansanm

Aktivite Pou Fè

- ★ Li istwa lan liv pou ti moun lan.
- ★ Poze ti moun lan keksyon sou istwa a, epi mande li pou li rebay istwa a.
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li fè teyat ak istwa lan liv oubyen imajinasyon li, pandan li ap itilize diferan vwa ak diferan karaktè.
- ★ Angaje ti moun lan lan jwèt "Sipozon..." pou ankouraje ti moun lan fè istwa pa li ("Sipozon ou te kapab vole...")
- ★ Anlaji kantite lojisyeòl òdinatè (pwogram konpiyutè) ki disponib a ti moun lan.
- ★ Pwograme pou ale lan bibliyotèk, lan zou, ak evenman espesyal tankou parad.
- ★ Jwe jwèt ki rime ak ti moun lan. ("Bay 3 mo ki fini menm jan ak 'chat'.")

ABILITE TI MISK PITI

- ✓ Li koupe papye sou yon lyin
- ✓ Li kopye divès fòm
- ✓ Li rive ekri kèk lèt
- ✓ Li fè desen pou reprezante objè
- ✓ Li konstwi de pyès simetrik ak blòk
- ✓ Li modle de fòm ak ajil ki pa toksik

Aktivite Pou Fè

- ★ Ba li jwèt pou lil fè konstriksyon.
- ★ Bay ti moun lan divès sifas pou li ka ekri sou yo (papye, anvlòp, tablo, katon).
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li reprezante divès objè ak aktivite atravè desen.
- ★ Ba li ajil ki pa toksik pou li modle, sab, papye ak lakòl.
- ★ Limite konbyen diferan objè ti moun lan kapab itilize alafwa.

ABILITE GWO MISK

- ✓ Mache an aryè
- ✓ Li monte, desann eskalye san asistans, epi li chanje pye
- ✓ Li sote
- ✓ Li komanse fè ti pa sote
- ✓ Li shoute yon boul dwat
- ✓ Li fè woulo
- ✓ Li swiv tout direksyon mouvman ("mete men w sou tèt ou, pran 2 gran pa, epi vire tounen.")

Aktivite Pou Fè

- ★ Pèmèt ti moun lan detèmine pis ak obstak li (bwa balans, chèz pou li monte, tab pou li rale anba li).
- ★ Woule, epi pase gwo sèk ron plastik bay yon lòt.
- ★ Òganize yon jwèt football san konpetisyon.
- ★ Mennen li lan yon pak pou pratike grinpe, balanse ak lòt aktivite.
- ★ Jwe 'Simon di', ak lòt jwèt ki fè l fè mouvman ki difisil.
- ★ Fè ti pa sote ak ti moun lan, soti lan kay la ale lan machin lan.
- ★ Ankouraje ti moun lan pou li mache an aryè.
- ★ Jwe mizik pou li danse, epi bay ti moun lan enstriman mizik li ka jwe pandan li ap danse ak mache.

SOTI 48 MWA RIVE 60 MWA (4 ZAN A 5 ZAN)

Sa a se yon lan piblikasyon ou ka jwenn lan Biwo pou Sipò Instruksyonèl ak Sèvis Kominotè, Depatman Ledikasyon LaFlorid, ki fèt pou li ede dives distrik lekòl yo, ak ajans leta ki bay sipò a pwogram edikasyonèl, ak paran lan optik pwogram espesyal. Pou plis enfòmasyon sou piblikasyon sa a, ou pou jwenn lòt lis ki disponib, kontakte:

Clearinghouse Information Center
325 Gaines Street, Room 628
Tallahassee, Florida 32399-0400
Telefòn: (850) 245-0477; Faks: (850) 245-0987; Sunkòm: 205-0477
Email: cicbiscs@fldoe.org
Website: www.myfloridaeducation.com/commhome/

Biwo pou Sipò Instruksyonèl ak Sèvis Kominotè, Depatman

Chèf: Shan Goff

The *MITCH/Grow to 5* Komite Dirijan genyen moun sa yo ladan l:

Carole Fox Abbott, Espesyalis Lonje-men bay Timoun, FDLRS/South Associate Center
Arlene Duncan, Direktè Pwogram Depatman Ledikasyon LaFlorid
Carmy Greenwood, Pwogram Espesyalis, Depatman Ledikasyon LaFlorid
Rachael Spanjer, FDLRS/DOE konsiltan 'Jwenn Timoun', Institisyon Ti Distrik ak Seksyon Riral

Moun sa yo se manb Komite Konsèyè *MITCH/Grow to 5*:

Susan Arbor, Depatman la sante, LaFlorid
Mary Bryant, Bous Kolaboratè Pwogram 'Komanse Davans' LaFlorid
Helen Keith, Pwogram 'Komanse Davans Bonè'
Janice Kelley, Depatman la Sante LaFlorid
Julie Rogers, Foròm Timoun LaFlorid
Debbie Russo, Depatman Timoun ak Fanmi LaFlorid

Se Carole Fox Abbott, Ph.D., ak Carmy Greenwood, M.A. ki edite epi prepare seri *Grow to 5* la.

Se Dora Piner Kobasky ak Violet McNamara ak Steven E. Daley ki ekri livrè orijinal *MITCH* la: *Byenvini nan Mond Lan: Yon rezime sou Pitit Ou k ap Grandi*. Se Kathy Kourapis ak Carole Abbott ak Carmy Greenwood ki te korije vèsyon '*Grow to 5: Byenvini nan Mond Lan*'.


Se ekspè sa yo ki te revise *Byenvini nan Mond Lan: Yon Rezime sou Pitit ou k ap Grandi*:

Beth Harry, Ph.D., Pwofesè Adjwen, Inivèsite Myami
Maria del Carmen Papazian, M.S., Pwofesè, Lekòl Piblik Konte Myami-Ded
Nancy D. Thomas, B.A., Ed.M, Retrète, Depatman Edikasyon LaFlorid
Marie Esther Fils-Aime, Parent Liaison, Parent to Parent
Elma Pierre-Moliere, Community Liaison, Miami-Dade County Early Intervention Program

Se Aliks Pero (Alix Perrault) ki ap viv lan Sarasota, Florida, ki te tradwi dokiman sa a.

Dwa Rezève - Leta LaFlorid / Depatman Leta / 2003

Sistèm Leta Edikasyon Piblik gen otorizasyon pou repwodiksyon jan sa defini lan Kòd Lalwa LaFlorid, Seksyon 1006.39(2). Yo pa bay otorizasyon pou ni fè distribisyon ni repwodwi andeyò Sistèm Leta pou Edikasyon Piblik san apwobasyon alekri.



The New Department of
Education

Jim Horne, Commissioner

ESE 310509.W